# «Жыл студенти» таңлаўының институт басқышы болып өтпекте

Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында «Жыл студенти» таңлаўының институт басқышы болып өтпекте.




Таңлаў өткен оқыў жылынан баслап турақлы түрде өткерип киятырған болып, институт студентлериниң таңлаўға болған қызығыўшылығы жыл сайын артып бармақта. Таңлаўдың быйылғы жылдағы институт басқышына  250 ге шамалас ҳүжжетлер келип түскенлиги пикиримиздиң айқын дәлили.




«Өз қәнигелиги бойынша жылдың ең билимли студенти», «Жылдың ең басламашы студенти», «Жылдың ойлап табыўшы студенти», «Жылдың спортшы студенти», «Жылдың дөретиўши студенти» ҳәм «Жылдың ең жақсы блогер студенти» сыяқлы 6 номинация бойынша өткерилип атырған таңлаўға келип түскен ҳүжжетлер институт жәмийетлик кеңеси ҳәм басқа жәмийетлик шөлкемлердиң ағзалары, тәжирийбели профессор-оқытыўшылар, жаслар аўқамы ўәкиллеринен дүзилген төрешилер қурамы тәрепинен үйренилип, мүнәсип баҳаланбақта.



Номинацияларға талабан болған ҳәр бир студент жыл даўамында қолға киргизген табыслары ҳәм нәтийжелерин презентация етип, төрешилер қурамына усынбақта.

Таңлаў жуўмақлары бойынша қосымша мағлыўмат беремиз.

Мағлыўмат ушын, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 7-февральдағы «Өзбекстан Республикасын еле де раўажландырыў бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы ҳаққында»ғы Пәрманы ҳәм 2017-жыл 20-аперльдеги «Жоқары билимлендириў системасын буннан былай да раўажландырыў илажлары ҳаққында»ғы қарарында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў, сондай-ақ, студент-жаслардың руўхый-ағартыўшылық, мәдений дәрежесин турақлы түрде арттырып барыў, олардың оқыўдан бос ўақытларын мазмунлы өткериўди тәмийинлеў мақсетинде Министрлер Кабинетиниң қарары тийкарында «Жыл студенти» таңлаўы барлық жоқары оқыў орынларында турақлы түрде өткерип келинбекте.

НМПИ баспасөз хаткери.